

**ХУАРЗ КА АРАЗУЙ, Е УОДИБÆСТÆ, ФИЦЦАГИДÆР, ÆХЕЦÆН КÆНУЙ!..**

***Номдзуд уруссаг финсæг Антон ЧЕХОВ (1860-1904) финста: «Амондгун адæймагæн æндегæй æ дуармæ гъæуама еске лæууа æма имæ рæстæгæй-рæстæгмæ, цит, бахуайа, цæмæй ин æ зæрдæбæл æрлæуун кæна, зæнхæбæл æнамонд дæр ке цæруй, уæдта амонди фæсте æнамонд ке æрбахезуй, уой...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№15 (935) 2024 анзи 27 апърел – хумидайæни мæйæ

Аргъ 1 туман

**БÆРÆГБОН**



## НÆ МÆЙТИ ХУÆЗДÆР АМОНДХÆССÆГ НИН ИСУÆД

Устур Фидибæстон тугъди архайæг, зундгонд публицист æма поэт Кертанти Тæхир кæддæр е 'мдзæвгитæй еуеми уотæ финста:

Æгас æрцæуай,
Сугъзæрийнæ Май,
Нæ мæйти хуæздæр,
Нæ амонди хай!..

Æма, æцæгæйдæр, май уæлдай зæрдтагон адтæй нæ адæмæн, кæд æ ном ханси мæйæ 'й, уæддæр æй беретæ ба хонунцæ цийни мæйæ.

Уæлдай æхцæуæнæй ба советон доги бæрæггонд цудæй Фиццаг Май. Е æцæгæйдæр адтæй еугурадæмон, еугуремæн цийнаг бæрæгбон. Фал уæдмæ рæстæгутæ иннердæмæ низзилдæнцæ, Фиццаг Май ма бæргæ æвзарунцæ раздæри хузæн бæрæг кæнун, фал си уоййасæбæл райдзастдзийнадæ нæбал ес. Æма си кутемæй уа, кæд æма адæм сæ нури цардиуаги нæхъæртондзийнæдти фудæй цийнитæ кæнунбæл нæбал æнцæ...

Уогæ уобæл абони нæ дзордзинан. Фæндуй нæ нæ дзиллæн бæрæгбони туххæй райарфæ кæнун. Нæ уæгæ гъæуама ма мæла – куд фæззæгъунцæ, фудлæг æма фудрæстæг берæ нæ хæссунцæ. Æма адæмон бæрæгбæнттæ нин кæддæри хузæн амондхæссæг исуодзæнæнцæ!..

# ЗÆНХÆ САЙГÆ НЕКÆД КÆНУЙ, САЙГÆ 'Й КАДÆР КÆНУЙ...



Къарæ ист æй социалон хизæгтæй.

**Еугур рæстæгути дæр еугур адæмтæн дæр сæ цардиуаги тæккæ агъазиаудæр уидæ æма æй зæнхи фарста. Уотæ адтæй Иристони дæр, уæлдайдæр ба хуæнхбæсти. Зæнхи хæйттæмæ гæсгæ лухгонд цудæнцæ адæми 'хсæн рахастдзийнæдтæ, сæ цардиуаги хабæрттæ. Зондзинайтæ 'й, Советон хецаудзийнадæ Уæрæсей нæуæг цардарæзт ниффедар кæнунмæ ку бавналдта, уæд æ фиццаг Декреттæ адтæнцæ сабурдзийнадæ æма зæнхи туххæй – цæмæй еци дууæ гъуддаги хуæрзгæнæг уонцæ фæллойнæгæнæг дзиллитæн. Æма, зæгъæн, кæд зæнхæ уой размæ фулдæр хæттити исуидæ æхсæнади медæгæ нихмæлæуди æма хæлхъойти рæуонæ, уæд советон доги ба иссæй бæркадæй адæмæн фарнæхæссæг. Фал уæдмæ советон цардарæзт фехалдæй, æма еугурадæмон хæзна – зæнхæ – иссæй хæлæйфаг. Еци хæлæфгæнгути ратонæ-батонитæй нæ фæййервазтæнцæ Цæгат Иристони зæнхитæ дæр. Равгитæ кæмæн адтæй, етæ, фулдæр хæттити фæливд миути фæрци сæхе бакодтонцæ сауæнгæ æвналун кæмæ не 'нгъизтæй, еци зæнхитæ дæр…**

**Нур еци æнæрастдзийнæдтæ райеуварс кæнунбæл архайуй нæ республики разамунд. Уой туххæй æрмæг кæсетæ 2-аг фарсбæл.**

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**УÆДАТИ Аслæнбеги фурт Мухарбег (1919-1943)**



**БАГЪÆРАТИ Андрейи фурт Константин (Гæстæн)**



**БЕСОЛТИ Садон Хадзимети фурт**



**БЕСОЛТИ Ботой фурт Барис (1924-1943)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2024 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 368 СОМИ 10 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 324 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙЕГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Аллианзон фæсевæдон форум «Машук»-и аци анз нæ республики номæй архайуни равгæ фæуудзæнæй 14 анземæй ба 18 анзей уæнгæ кари дæс æма инсæй кизги æма лæхъуæнемæн. Архайгæ ба си кæндзæнæнцæ дууæ кезуемæй: дæс-финддæс адæймаги – фиццаг кезуй, никки уойбæрцæ ба – дуккаг кезуй. Уогæ, форуми архайун ке фæндуй, уони бæрцæ æгæр ку исберæ уа, уæд уæхæн барæ, æвæдзи, лæвæрд æрцæуудзæнæй фулдæремæн.***



# ЗÆНХÆ НЕКЕ САЙУЙ, ÆХЕ ИН КАДÆР САЙУЙ...

Аци анз январи мæйи аппаратон æмбурди нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** нæ республики паддзахадон есбойнадæ æма зæнхи рахастдзийнæдти Министрадæн байхæс кодта, цæмæй кæрæй-кæронмæ бæлвурдгонд æрцæуа, Цæгат Иристони зæнхитæ куд æма циуавæр закъонти рæуонæй уæйæгонд æрцудæнцæ, уой. Аци фарстай фæдбæл куст абони дæр ма цæуй, фал нуриуæнгæ бал ци бантæстæй исбæрæг кæнун, уой фæдбæл адтæй æ дзубанди Сергей Меняйлойæн æрæги нæ республики дзиллон хабархæссæг фæрæзнити минæвæртти хæццæ фембæлди рæстæг. Æма æ радзуандий куд баханхæ кодта, уотемæй 2021 анзи байхæс кодта, цæмæй лæмбунæгдæр каст æрцæуа, зæнхитæй пайда кæнуни туххæй хъалонтæ федуни, уæдта зæнхитæй раст пайда кæнуни хæццæ баст фарстатæмæ. Еци рæстæг зæнхити гъуддæгутæбæл бæрнондзийнадæ хастонцæ бунæттон хеунаффæйади оргæнтæ, фал аци анз 1 январæй фæстæмæ еци бæрнондзийнадæ закъони бундормæ гæсгæ æййивд æрцудæй. Нæхуæдтæ байуарæн зæнхитæ, зæгъгæ, уой туххæй нæ, фал, ци æгъдауихæлдтитæбæл исæмбалдан, уони райеуварс кæнуни туххæй. Зæнхи «уæгъдæ» гæбазæ нæ республики нæбал байзадæй. Хуæнхти æма къæдзæхти фæхстæ дæр, гъæдтæ дæр уæйæгонд æрцудæнцæ. 2022-2023 æнзти уголовон гъуддæгутæ арæзт æрцудæй еуæй-еу гъæути сæргълæугутæбæл, хæдзарадон хигъди киунугути мæнгæ бæрæггæнæнтæ ке ниффинстонцæ æма æнæзакъонæй зæнхитæ ке фæууæйæ кодтонцæ, уой фæдбæл. Прокуратурæмæ балæвардтан 43 гъасти æнæзакъонæй уæйæгонд 543 зæнхи хаййей фæдбæл. Уобæл нæ архайд нæ фæцæй. Куст идарддæр цæуй. Зæнхи фарстати æнæзакъон æгъдауихæлдтитæ ке ’рцудæй, уонæн сæ фулдæр æнцæ Дзæуæгигъæуи. Уæхæн цаути хигъди ’нцæ Уæлахези парк, Дендрарий, Нæртон, Дони станцæ æма Терки билгæрæнтти зæнхитæ. Никкидæр ма прокуратурæмæ балæвардтан, Дзæуæгигъæуи, Алагири, Мæздæги, Дигори, Кирови æма Горæтгæрони районти зæнхити хæйтти фæдбæл курдиæдтæ. Нæ республикæ берæ паддзахадон программитæ æма национ проектти архайуй, ци нин æнтæсуй, уомæй нин зингæ фулдæр æнтæсидæ, фал фæззиннуй, æгæр нæ ка хъор кæнуй, уæхæн хабæрттæ. Зæгъæн, нæ бæсти Президент унаффæ рахаста никки фулдæр скъолатæ æма рæвдауæндæнттæ аразуни фæдбæл. Æма программæмæ бæргæ хаст æрцудæй, махмæ дæр, нæуæг скъолати арæзтадæ. Фал куд рагъæр æй, уотемæй кæми сæ райдæдтайанæ аразун, уæхæн гъæугæ зæнхи бунат нæ разиндтæй. Куд æма ци уавæрти исæнхæст кæнæн еци ихæстæ? Мах республики райрæзтбæл архайун гъæуй, фал зæнхæ ку нæ уа, уæдта кутемæй? – дзурдта Сергей Меняйло.

## НÆКÆСИ



Салтыков-Щедрин (1826-1889), финсæг: «Æстъегъæгмæ гъуди нæййес. Исонбони мæтæ нæ кæнуй, æ фæсте ма ескетæ ’рбацæуудзæнæй æма фингæбæл айдагъ уæлдæйттæй æндæр ке неци иссердзæнæнцæ, етæ ’й не ’ндавунцæ, исон дуйней исæфт дæр æрцæуæд! Нæхецæн дæр фесæфунæй тæссаг ке æй, уобæл рагъуди кæнунæн дæр нæбал ан. Гъема къазнатæ къахунцæ, æхсæнади мулкбæл хæлæф кæнунцæ, хумæтæги æфсармæн æ кой, æ гъæр дæр нæбал ес.

Кæд ескæмæн цард ес, уæд давгутæн, къазна æстъегъгутæн. Кæмæдæрти си прокурори къох бахъæрттæй, фал ци? Гъуддæгутæ уомæй фæххузæнондæр æнцæ?..»

Пресс-конференций рæстæг видеоæрмæгути фæрци æвдист æрцудæнцæ, дзубанди ци зæнхитæбæл цудæй, етæ. Уоми бæлвурдæй бæрæг адтæй, гъæдти дæр аллихузон арæзтæдтæ ке райдæдтонцæ, е. Уой туххæй Сергей Меняйло загъта:

– Гъæдтæ нæ гъæздугдзийнæдтæ ’нцæ, Уæрæсей Федераций фæзуæттæ æма нин Дзæуæгигъæуи сæрмæ Реданти æма Дендрарийи фæзтæ паддзахадæ равардта, кедæрти зæрдидзæбæхæн арæзтæдтæн нæ, фал парки хузи си пайда кæнунæн. Мæскуй сахари медæгæ ци минкъий гъæдтæ ес, уоми дæр ма æгъдæуттæ ихæлд ку нæ цæунцæ, уоми цæрæгойтæбæл дæр си цауæнгæнæн нæййес закъони бурдорбæл. Махмæ ба си арæзтæдтæй идзаг кæнунцæ.

Бустæги дессаг ба ’й Уæллаг Фиййагдони зæнхити уавæр. Адæм гъаст кæнунцæ, къæдзæхти фæхстæ æма хуæнхрæбунти кадæртæ нæуæг арæзтæдтæ ке райдæдтонцæ, уой фæдбæл. Уотемæй еци бунæттæ ’нцæ тæссаг зæйтæ æма ламитæ калунæй. Уомæй уæлдай, цæугæдон Фиййагдони билгæрæнтти исаразтонцæ дачитæ. Æгириддæр куд нецæбæл гъуди кæнæн? Абони иннæ регионти ци бæлæхтæ цæуй, адæм дони буни куд фæцæнцæ, уой дæр нæ уинæн? Цæгат Иристони дæнттæ дæр еу æма дууæ хатти нæ райвулдæнцæ. Уæ зæрдæбæл æрлæууун кæнайтæ еци цаутæ. Хъолай цъетей фудбæлахи мемориали бакомкоммæ дæр агъазиау зæнхитæ ахæст æрцудæнцæ, æма сæ габазгай уæйæмæ равардтонцæ.

Е дæр син фагæ нæ адтæй, æма Фиййагдони бунæттон администраци унаффæ рахаста гъæуи арæнтæ никкидæр ма дæс километрей бæрцæ радаргъдæр кæнун, цæугæдон дæлæмæ куд цæуй, ецирдæмæ. Уоййасæбæл зин балæдæрæн нæй, циуавæр нисани хæццæ баст æй еци унаффæ, е дæр. Прокуратури хæццæ байархайдтан, цæмæй еци фæндæ æхгæд æрцудайдæ, уобæл.

Фал гъуддаг гъæуама уобæл ма хецæн кæна – еумæйаг закъонадон уагæвæрд ка ихалуй, етæ гъæуама æфхуæрд баййафонцæ!

Аци анзи райдайæнæй фæстæмæ зæнхи гæппæлтæ дех кæнуни гъуддагмæ сæ барæ нæбал дардзæнæнцæ бунæттон администраций хеунаффæйадон оргæнти косгутæ. Уæхæн барæ лæвæрд æрцудæй еци фарстатæмæ цæстдарæг республикон оргæнтæмæ. Нурæй фæстæмæ æнæзакъонæй дехгонд нæбал æрцæуудзæнæй зæнхити еунæг гæппæл дæр.

Еци гъуддаг рагацау зонгæй, берæ гъæути бунæттон администрацити сæргълæугутæ тæвдхæлæфæй февналдтонцæ, ци уæгъдæ, гъома, æнæхецау, æнахæст бæстихæйттæ ма си адтæй, уони иуарунмæ.

Фарæ бардзурд лæвæрд æрцудæй, цæмæй Дигори райони зæнхи гæппæлтæ дехгонд мабал цæуонцæ, уой туххæй, фал бунæттон хецауадæ рахуæстæнцæ еци уагæвæрди нихмæ æма сæ гъаст балæвардтонцæ прокуратурæмæ. Æма прокуратурæ республики разамонæги бардзурд банимадта æнæрастбæл, цидæр дзурдтæмæ гæсгæ си къæмæ иссирдта.

Фарæ республики æртæ гъæуей сæргълæугутæбæл арæзт æрцудæй уголовон гъуддæгутæ, сæ хеуæнттæ æма хæстæгутæн зæнхитæ æнæзакъонæй ке байурстонцæ, уой фæдбæл. Уæхæн закъонихæлдтити нимæдзæ абони уæнгæ исхъæрттæй æртæ æма дууинсæйей уæнгæ.

Дон райвулунæй тæссаг кæми æй, уæхæн рауæнти ци фæлладуадзæн азгъунститæ æма дачитæ арæзт æрцудæй, уони æвæстеуатæй гъæуй нийхалун, цалинмæ сæ дони гулфæнтæ сæхуæдтæ нæма фæлластонцæ, уæдмæ. Айразмæ уотæ рауадæй Хонсари поселокки дæр. Уоми дæр зæнхитæ æнæзакъонæй лæвæрд æрцудæнцæ.

Мах комкоммæ кедæрти нихмæ нæ тох кæнæн, фал еци æнæзакъон миутæн ба æвæстеуатæй гъæуй кæрон искæнун, цæмæй нæ еумæйаг республикæ еугур хæлæйфаг æма уæййаг ма исуа, уой туххæй, – баханхæ кодта Сергей Меняйло. Архайун гъæуй республикæн æ идарддæри ирæзтбæл, гъæуай кæнун гъæуй æ цæргути æма æрдзи интерестæ. Еци фарни гъуддагбæл куст райдæдта æма идарддæр дæр æнхæстгонд цæудзæнæй.

Цимитий гъæу ни ка нæ уарзуй, уæхæн адæймаг нæ разиндзæнæй. Е нæ фидтæлти рагон историон рауæн æй, цæмæдесаг музей игон арви буни, фал си фæстаг рæстæгути ци арæзтæдтæ фæззиндтæй, етæ нури гъуддæгутæ нæ ’нцæ, фал дæсгай æнзти дæргъи конд ка цудæй, уæхæн хабæрттæ. Уоми, æвæдзи, нецибал нæ бон бауодзæнæй, уавæр фендæрхузон кæнунæн, фал ма си ци зæнхи гæбæзтæ байзадæй, уонæми уæхæн арæзтæдтæ фæззиннунæн ба æруадзæн нæбал ес. Еци гъуддаг хауй Дзиуаригъæуи бунат «Цъæйаг»-мæ дæр. Гъæди объект аразун райдæдтонцæ, уобæл куститæ æрлæууун кæндзинан, арæзтæдтæ фехалдзинан æма гъæдтæ фæстæмæ паддзахади есбойнадæмæ бахæсдзинан. Хецæн адæймæгути къохти нæбал уодзæнæнцæ.

– Æз районти сæргълæугутæн федарæй балæдæрун кодтон, уой æма зæнхити фарстати фæдбæл бæрнон ке ’нцæ, закъони размæ дзуапдæттæг ке уодзæнæнцæ, уой, – загъта Сергей Меняйло. – Зæнхити хæццæ баст фарстатæ закъонади домæнтæмæ гæсгæ аразуни куст нерæнгæ нæма фæцæй, ес ма берæ æркæсуйнаг гъуддæгутæ Дигоргоми дæр. Цалинмæ иннæ кæмтти дæр Уæллаг Фиййагдони хузæн уавæр нæ исæвзурдæй, уæдмæ нæ байархайун гъæуй, цæмæй ма байрæгæмæ уа.

Æмбурди куд загъд æрцудæй, уотемæй нæ республики зæнхитæй пайда кæнуни гъуддæгутæ закъонади домæнтæмæ гæсгæ æнхæст кæнуни фæткитæ исфедар кæнуни фæдбæл куст идарддæр æнхæстгонд цæуй. Уой фæдбæл мах газети дæр мухургонд цæудзæнæнцæ хецæн æрмæгутæ.

***БИЧИЛТИ Алетæ***




**. Медицинон тагъд агъази косгути Бон бæрæггонд цæудзæнæй 29 апърели. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци ахсгиаг къабази косгутæн!..**

# АДÆМИ ФАРНÆН ИГУРД



Хæтæгти Артури нæ дзиллæн, мæнмæ гæсгæ, уоййасæбæл амонун дæр нæ гъæуй. Хуарз зундгонд син æй æ хуæрзæгъдауæй, æ арфиаг гъуддæгутæй. Æма мæ уомæ гæсгæ бафæндадтæй æ цардвæндаги хабæрттæ ракæнун.

Кæд игургæ Тъæпæн Дигори Хъалнæгъти гъæуи ракодта 1965 анзи, уæддæр æ сабийбонтæ ба Дæллаг Фæснæли рарвиста.

Æ фидæ Хъазбег æма æ мадæ Темираон Любæн ци дууæ биццеуи æма дууæ кизги исæнтæстæй, уонæй медкоми абони уæнгæ некема рагъаст кодта. Ездон, хуæдæфсармæ æма хебæлхуæцгæ зæнæг рауадæнцæ. Сæ куствæлтæрд мадæ æма фиди хъиамæттæ нæ фæдздзæгъæли ’нцæ.

Уогæ Хъазбег æма Любæй дæр æгъдау раттуни, оххайæй гъæстагæй некæд неке байзадæй. Сæхе хъаурæй цардæнцæ, адæми хæццæ лимæн, хæлар æма уарзонæй æрлæуунгъон адтæнцæ рæнгъæбæл.

Артурæн æ карæ куд æййафта, уотæ агъаз кодта æ ниййергутæн хæдзари кустити. Сог фадун гъудæй, фонсмæ зелун дæр æма ма берæ æндæр хæдзайрон куститæ сæйрагдæр биццеутæмæ хаудтæнцæ æма некæд зийнадæ кодтонцæ. Цубурдзурдæй, хуæрз сабий уогæй фæлтæрун райдæдта куститæбæл.

Фæснæлæн æхе медæги скъола ке нæ адтæй, уомæ гæсгæ биццеуи е ’мгæртти хæццæ аллибон дæр цæун гъудæй Мæхчески астанзон скъоламæ, астæуккаг ахурадæ ба райста Мæцути скъола-интернати. Нæ бон зæгъун æй федарæй: дууæ скъолайеми дæр æригон ахурдзау биццеуи гъолæ сах рабадтæй, уомæн æма си кустонцæ хъæбæр дæсни æма фæлтæрдгун ахургæнгутæ, сæ зонундзийнæдтæ æнæвгъауæй кæстæртæн ка лæвардта, уæхæнттæ.

Артур æ исонибони дæсниадæ равзарунбæл берæ нæ фæррасагъæс-басагъæс кодта. Æ зæрдæмæ хъæбæр цудæй аразæги дæсниадæ æма æ гæгъæдитæ балæвардта хуæнхон-металлургон институти арæзтадон хайадæмæ, уоми исахур кæнгæй, райста инженер-аразæги дæсниадæ. Еу рæстæг ракуста Мæхчески гъæусовети шоферæй уæзæгтæ ласæн машинæбæл. Еци цубур рæстæги дæр æ хуарздзийнæдтæ кæбæл нæ адтæй, уæхæнттæ æстæнтæ ’нцæ. Фæстæдæр æхе хузæн амалгъон адæми хæццæ кодта аллихузон куститæ.

Советон хецаудзийнади фехæлд фиццагидæр лæгъузæрдæмæ фæззиндтæй адæми царди уагæбæл, гъæууон хæдзаради, æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади, промышленности берæвæрсугон къабæзтæбæл. Ци дæсгай, мингай, миллионгай адæмтæ си кустонцæ, етæ æнæнгъæлти æгустæй райзадæнцæ, сæ бийнонтæ ба – æгудзæгæй.

Кæддæр цалдæргай мин сæри сторвонс æма листвонс ци колхозти адтæй, районి æма республики раззагдæрбæл ци хæдзарæдтæ нимад адтæнцæ æма фæллойнæ дон æ бунмæ фæлласта.

Еу дзуапдæттæг ба сæбæл куд нæ фæцæй? Уæдта кутемæй? Æз фулдæр ранихъуæрунбæл ериси гъуддаг кæми иситинг уй, уоми ма адæми мæтæ кæмæ фæууй?

Уогæ мæ аци бафарстæй бустæги раст ке нæ дæн, уомæн ба ирд æвдесæн æнцæ, мæнæ уин ке туххæй радзоруйнаг дæн, еци адæймаги цардиуаги хабæрттæ. Хæтæгти Артурæн æ дæсниадæ, мæнæ раздæр æй ку загътон, æй аразæг.

Сæрбонзонгæ адæймаг фæстаг æнзти æхемæ райста сæ колхози зæнхитæ æма зæрдегенæй бавналдта, цæмæй кæддæри хæдзаради зæнхитæй æнæгъудгондæй мацибал байзайа, хъамил æхсæвæй-бонæй еудадзугон хъиамæти фæрци. Уæдта æ сæйраг менеуæг уой медæги дæр нæй. Артурмæ нæйййес хецмæрездзийнадæ. Архайуй, цæмæй айдагъ æхуæдæг гъæздуг ма уа, фал ма иннетæ дæр æгудзæг ма уонцæ, уобæл. Ци тиллæг æрæмбурд кæнуй Артур фæззæги, уомæй æхемæ бæрцæй уоййасæбæл берæ нæ байзайуй, æ фулдæр хай ин адæмбæл байуаруй.

Уæхæн хабар некæд адтæй, æма Артурмæ æхе еске ести гъуддаги фæдбæл бахадта æма ’й æнæ дзуаппæй ниууадза. Кедæрти хузæн къумдзæвæнтæ кæнуни незæй сæйгæ нæй, æ амондæн. Æ бон цæйбæрцæ ’й, æ равгæ куд амонуй, уотæ агъаздзийнадæ дæттуй е ’мбæстаг адæмæн, æхе имæ ка бакъолæ кæнуй, уонæн еугуремæн дæр.

Адтæй уæхæн рæстæг дæр (Тъæпæн Дигори цæргутæ ’й сæхуæдтæ хуарз гъуди кæнунцæ) æма Хæтæги-фурт хæдзаргай, æнæ еу цохæй алли бийнонтæн дæр байурста æхе харзæй фæйнæ фондз килей бæрцæ стори фид, цалдæргай килтæ сæкæр, æндæр аллихузон продукттæ.

Æ цонгбæл ин неке рахуæстæй, топп дæр имæ, мадта, неке ниддардта, цо æма, æнæмæнгæ, уотæ бакæнæ, зæгъгæ.

Æхе хъаурæй, æхе фæлмæнзæрди фæндæй æй бафæндадтæй адæмæн сæ царди тухстаг уавæрти естæмæйти сæ мæтæ фæрræуæгдæр кæнун. Багъæуаги æхе номæй косæрттаг дæр рауæлдай кæнуй ескæмæн æ тухсти фæйййагъаз кæнуни оххайбæл. Æма е, куд зæгъетæ, адæймагдзийнадæ нæй? Куд ма уа уомæй хуæздæр æма бæрзонддæр адæймагон æууæлти менеуæг?

Хæтæгти Артурæй сæрустур æнцæ, ци скъолати ахур кодта, уони коллективтæ дæр. Скъоланæгæнæг дзиллæ сæ уоди хъаурæ æма сæ хедивдулд цæнгтæй ци еумæйаг есбойнадæ æмбурд кæнунбæл фæхъхъиамæт кодтонцæ, ейæ дæр æма хæдзаради техникæ, фонс, æндæр мулкитæ уайтæккæ цалдæргай бæлвурд лæгти хъурти райервазтæнцæ, сæ цæстæ дæр си неке æрникъулдта, адæмæй дæр си неке фефсæрми æй, уотемæй сæ сæхе бакодтонцæ, адæм ба, куд фæззæгъунцæ, – хъуахъхъгæнгæй райзадæнцæ. Уогæ уой размæ дæр хæдзарæдтæ еугай лæгтæ хуардтонцæ, уой фæсте ба берæгъти ервæзт бакодтонцæ æма си дор-дорбæл нæбал ниууагътонцæ.

Бæргæ ма кадæртæ архайдтонцæ еци хæдзарæдтæ фæстæмæ сæ къæхтæбæл ислæуун кæнунбæл, фал сæмæ фарсдарæг нæбал фæцæй хецауади ’рдигæй. Еузагъдæй, адæми еумæйаг фæлсæбæл ма ниххуæца, уобæл архайунмæ.

Ке зæгъун æй гъæуй, æнæ еске агъазæй – техникæй æма материалон фæрæзнитæй æнхæст нæ уогæй, зин рахуæцæн адтæй райдайæни. Фал лæг мадзалæн конд æй, зæгъгæ, фæззæгъунцæ. Артурæн косун амонун некæд гъудæй, æ мади губунæй æй рахаста, æвæдзи, кустмæ рахастдзийнадæ.

Разиндтæй ма ин, æхе хузæн зæрдæй ка ресуй зæнхи æдзæллагдзийнадæбæл, уæхæн фарс фæххуæцгутæ дæр. Халæ-халæбæл æфтаунæй, уес-уесбæл бийгæй, Хæтæгти Артур, кæддæр зæууатмæ ци будуртæ æрæфтудæй, уони нæуæгæй «мæрдтæй» раздахун кодта. Ес имæ сторвонс, байтауй нартихуар.

Гъо, нæй æгудзæг нецæмæй Артур. Æцæг æ еци дзæбæхдзийнæдтæ Артурмæ ’рбацæунцæ æхе тæн ци кунæг фæрæзнитæ уагъд æрцæуй, етæ нæ еугуремæн дæр зундгонд æнцæ. Идардмæ си нæ рахуæцдзæнæ. Артур ба æ уарзон Мæхчески скъолайæн цал æма цал хуарземи бацудæй. Хуæруни продукттæ син цал æма цал хатти барвиста æхе харзæй, сувæллæнттæн ма сауæнгæ гъазунмæ сеткитæ æма хъазмузтæ дæр æрбаласта. «Еске дзиппæмæ кæсун ходуйнаг æй», – зæгъгæ, фæззæгъунцæ. Цæмæдæр гæсгæ мæмæ уотæ кæсуй, цума Артурæй дзæвгарæ гъæздугдæр ка ’й, фулдæр кæмæ хауй, уæхæн адæмтæ дæр ма разиндзæнæй, æцæг си адæммæ ба некæд неке райевдалдæй… Уогæ, алкæмæн æ тæрегъæд æхе.

Зонун æй, аци æрмæг ка бакæса, уонæй кадæртæ мæ хæццæ арази нæ уодзæнæнцæ, фал алкедæр барæ ес сæ гъудитæ зæгъунæй. Æз ба уоди рæстдзийнадæ алкæддæр нимадтон æма нимайун амондæй дæр бæрзонддæрбæл.

Цалдæр анзей размæ мухури рацудæй Мæстиноки гъæубæл киунугæ. Исаразта ’й финсæг Хохойти Энвер. Киунугæ рауадзунбæл цидæриддæр гъудæй харзæй, уони еугурæйдæр æхемæ райста Артур. Уой фæрци Мæстинокæй рацæуæг адæм абони зонунцæ сæ муггæгти анзфинсти хабæрттæ. Мадта Артур сæхе муггаги алли гъуддаги дæр ке фарсмæ нæ балæууй, æ агъаздзийнадæй хайгин ка нæй, уæхæнттæ нæ разиндзæнæй.

Фидæй-фуртмæ айдагъ Хæтæгтæ нæ, фал æнæгъæнæ Мæстинокæ дæр ци Елиамæ кувтонцæ, еци ковæн бунат рæстæгути æма æндæр цæйдæрти фудæй бустæги зæууати уавæрмæ ’рхаудтæй. Уой нæуæгæй барæвдзæдæр кæнун, фæуурухдæр кæнун, цубур дзурдæй, еугур гъуддæгутæ дæр æхемæ райста Артур. Æма нур ба алли анз дæр Мæстинокæй раледзæг адæм, зæрдæмæдзæугæ фадуæтти зæрдæй баковунцæ сæ изæди хаймæ. Уомæй Артур айдагъ сæ изæди хайæн нæ бацудæй хуæрзти, фал ма цитгин кæнуй æ рагфидтæлти кадгиндзийнадæ дæр.

Кадæ алкæддæр æздæхуй, æхуæдæг адæмæн кадæ ка кæнуй, уомæ фæстæмæ. Артур æнæнивæ нæй æ царди медæгæ дæр. Ес ин бийнонтæ, кæстæртæ. Æ цардæмбал Хурити Оксани хæццæ гъомбæл кæнунцæ æртæ кизги. Хестæр кизгæ Зæринæ каст фæцæй Мæскуй паддзахадон университет æма райста паддзахадон аудитори дæсниадæ, сæ дуккаг кизгæ Миленæ дæр ахур кæнуй Мæскуй медицинон институти. Се ’ртиккаг кизгæ София ба ма нерæнги скъоладзау æй.

Сæ ниййергути фарнæй æнæмæнгæ хайгин ке уодзæнæнцæ, е ни æруагæс кæнуй. Сæ фидæ адæмæн ци берæ лæггæдтæ кæнуй æма хуарздзийнæдтæ аразуй, уонæбæл ма етæ дæр устур байвæрæнтæ ке бафтаудзæнæнцæ, уобæл æууæндæн.

Артури фидæ Хъазбег раги бацудæй е ’носон дуйнемæ, фал ма æ мадæ Темираон Любæ ба абони дæр нифсдæттæг æй æ кæстæртæн. Цæруй Артури хæццæ.

Уогæ ба цæйбæрцæбæл устур нифс фæддæттуй, хæдзари хестæр ку уа, еци гъуддаг. Ку нæбал фæууй ниййерæг, уæдта адæймаги усхъитæ хъæбæр фæггубур унцæ. Æма Артури бийнонти Хуцау бахезæд еци цауæрцудæй. Дæ сæдæ анзей сæрти æнæнезæй, зæрдрохсæй рахезæ, Любæ! Арфиаг ди ’нцæ Тъæпæн Дигорæ, уæхæн сæрæн фурт ке исгъомбæл кодтай, уой туххæй. Дæ берæ хъиамæттæ дзæгъæли нæ фæцæнцæ. Дæ зæнæг адæми тонхи ку рацæуонцæ, уæд ма уомæй устурдæр амонд ци фæууй! Ду ба си фæххайгин дæ æнхæстæй!..

Аци æрмæгбæл косгæй мæхе Артурмæ ку бакъолæ кодтон, мæ гъудитæ фæббæлвурддæр кæнуни туххæй, уæд ми æхе фæттиллеф кодта цидæр рæуæнттæй. Е дæр дзорæг æй æ уодисконд, æ меддуйней хуæдæфсармæдзийнадæбæл. Е дæр æцæг лæги менеугутæй еу æй. Уæхæн хуарз менеугутæ ба ма Хæтæгти Хъазбеги фурт Артурмæ дзæвгарæ ке ес, уобæл æз æгириддæр дузæрдуг нæ кæнун!

***КОЛИТИ Витали***

## РАЗДЗУРДИ ХУЗИ МÆ САГЪÆСТÆ...



**КОЛИТИ Витали, Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг:**

– Ескæд-еухатт мæ сагъæсти уацари ку бафтуйун, уæд мæмæ исæвзуруй уæхæн фарста. Гæрр, нæ Дигоргоми алæмæттаг æрдзи гъæбес нин еумæйаг ку æй, хор æ рæдау тунтæй æмхузон ку тавуй нæ еугурейдæр, цъететæй цæстисуги хузæн ци рæсог дон уайуй æхсæвæй-бонæй, уой æвдадзæн æмхузонæй адгинæн ку ниуазæн, нæ равгитæ æма рахуæцæнтæй æнæпайдагондæй ку неци изайуй, уæд нæ адæм ба сæ удикондæй уотæ фæйнæхузон цæмæ ’нцæ?

Еуæй-еуетæ айдагъдæр сæхе гули буни цæмæн æндзарунцæ, айдагъдæр сæхе цæрайæй цæмæн цæрунцæ, æнæгъæнæ дуйней дæр ранихъуæрунмæ цæмæн бæллунцæ, сæ равгæ ку уидæ, уæд?

Уогæ цардиуагæ уæхæнтти уодикондæй арæзт нæ цæуй. Арæзт цæуй рæдау зæрдихатт кæмæн ес, уонæй, уони гъуддæгутæй. Уони уодиконд ба уæхæн æй, æма æррæстæ къæбæр еске хæццæ дууæ дехи бакæнун дæр сæ устурдæр бæлдæ ’й. Уæхæн таукел адæймæгутæй æй, мæнæ уин абони ке туххæй рахабæрттæ кæнуйнаг дæн, еци лæг дæр – адæмæн берæ хуарздзийнæдтæ аразæг Хæтæгти Артур.

Зингисервæститæй гъæуайгæнæг служби Бон бæрæггонд цæудзæнæй 30 апърели. Зæрдиагæй арфæ кæнæн аци ахсгиаг къабази косгутæн!..

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



**БЕСОЛТИ Хъасболати фурт Михаил (Мисост) (1920-1984)**



**БЕТЪОЙТИ Михаили фурт Дмитрий**



**ГАБЕТИ Басилийи фурт Тотраз**



**ГАБЕТИ Урузмæги фурт Гургъохъ**

## РÆСТАДИ ФÆДБÆЛ ХЪАЗАУАТИ КА НИХСЕДУЙ, Е ТÆРСГÆ НÆБАЛ ФÆККÆНУЙ!..

*ДЗАТТИАТИ Тотурбег, ГУБАТИ Чермен*

# МАКÆД СÆ ФЕРОНХ КÆНÆ, ИРИСТОН!..




Елхоттæмæ хæстæг рауæнти тугъдтитæ сæ тæккæ карзи бацудæнцæ. Лейтенант Палияни батарейæмæ еци æмпурсæги æмпурстонцæ знаги дууинсæй танки. Танкити æма батарейи æнауæрдон æхститæн сæ гæбар-губур байеу æнцæ. Палияни сæр фæццæф æй, фал æ бунат нæ ниууагъта, æ дуккаг фехстæй бабæй иссугъдæй еума танк. Еци тугъдтити рæстæг фашистти танкитæй авд æрцудæнцæ сугъд, иннетæ ба сидзмудзти фæлледзæги 'нцæ.

Фæскомцæдесон Коротков Мæздæги будурти тугъдтити рæстæг, комкоммæ æхсгæй, сахатмæ басугъта знаги цуппар бронетранспортери, гитлеронтæй ба рамардта инсæйей бæрцæ. Æ хестæр æмбал Шульпини батарей еци тугъди ниппурхæ кодта цуппæрдæс танки. Гвардий æфсæддон Коровушкин обаубæл æрбунат кодта æ пулемет «Максимки» хæццæ. Е 'мбæлттæ фæццæфтæ 'нцæ æма сæ санитарон батальонмæ рарвиста. Коровушкин фашистти фиццаг æхста пулеметæй, ци гилдзитæ имæ адтæй, етæ ин ку фæцæнцæ, уæдта сæбæл æнтъухта гранаттæ... Немуци уордигæй фæстæмæ ку фæссурдтонцæ, уæд батальони командир Цæллагти Бетъа Коровушкини обауи фæхстæбæл банимадта æхсæз æма инсæй немуцаг мард æфсæддони æма дууæ афицери. Еци бон матростæ Вознесенскмæ 'мпурсæг дæс æма дууинсæй танкемæй басугътонцæ цуппæрдæс æма инсæй, знаги æфсæддонтæй ницагътонцæ цалдæр сæдæи, иннетæ ба ледзæги фæцæнцæ. Фал кутемæй? Изолмæ фæллигъдайуонцæ? Нæ!..

### ЗНАГ ФЕГУППÆГ ÆЙ ÆМА ФÆЛЛЕДЗÆГИ ÆЙ

Терки рагъ гъæуайгæнгути разæй лæудтæнцæ 11-аг корпуси гвардионтæ æма еу бонмæ фегуппæг кодтонцæ знаги æрдонгти дæс-финддæс тухгин æрбампурсти. Уæхæн рæстæг дæр искæнидæ, æма еци-еу рæстæг гвардионти тохæн рауæнтæмæ æмпурсиуонцæ 120-150 танки, сæ хæццæ фестæг æфсади къуæрттæ, уотемæй. Уæхæн карз тугъдтитæ цудæнцæ мæйи бæрцæ.

Гвардионти корпуси командир инæлар Иван Рослый æма штаби хецау гвардий болкъон Михаил Глонти 9-аг æфсади командæгæнæг инæлар Коротееви бардзурд æнхæст кæнгæй, аразтонцæ контратакити бацæуæн оперативон пълантæ.

Цæттæ адтæй гвардион корпуси хъазауатон къуар. Æ сæргъи æвæрд æрцудæй 10-аг гвардион бригади командир болкъон Бушев. Къуармæ конд æрцудæнцæ фæлтæрдгин афицер Григорий Диордицай гвардион батальон, æндæр дивизийæй еу полк, хуæрзарæхст æма бæгъатæр афицер Филиппови танкисттæ, уæдта артиллерий хецæн батарейтæ.

Командæкæнуйнади сæйрагдæр гъудимæ гæсгæ, æфсæддон къуар гæуама æнæнгæлти нимпурстайдæ фашистти фæскъилдунмæ. Æма, фæстæдæр куд рабæрæг æй, уотемæй раст, хъæбæр раст адтæй уæхæн гъуди! Гитлеронтæн ами сæ размæмпурсти хъаурæ фæссастдæр æй, фал ма уæддæр хъаурæгин нихкъуæрд раттунгъон адтæнцæ, – æндæр рауæнтæй сæмæ калдтонцæ æма калдтонцæ нæуæг тухтæ.

Бушеви къуари размæмпурстæн агъаз кодтонцæ нæ артиллеристтæ, «катюшитæ» æма штурмгæнæг авиаци – знаги акъоппитæ пурхæ кодтонцæ сæ карз цæфтæй.

Куд нисангонд адтæй, уотемæй операций пълан исæнхæст кодта хъазауатон къуар: Терки гъæу Предмостныйи фалдзоси æрахæста обæуттæ, уæдта идарддæр æмпургæй Терски станици кæрæнттæй фæссурдта фашистти, æрахæста Мæздæгæй Вознесенскийи астæу над æма гитлеронтæн æндæр гæнæн нæбал адтæй, лигъдæнцæ Терки галеу уордæгмæ.

Клюгенау æ танкити æргъау æма дууæ дивизий разæй, Бушеви къуари æ фæсте ниуудзгæй, ниццавта Малгобеки 'рдæмæ, комкоммæ ба Вознесенскийи гъæумæ, – гъæуама æрхизтайдæ Алханчурти фæзтæмæ, уобæлти фæррæст адтайдæ Грознæмæ.

Фал ами, риндзæбæл лæудтæнцæ 62-аг бригади денгизонтæ, нæ «катюшитæ» æма артиллеристтæ. Клейст æма Клюгенау зонгæ дæр нæ бакодтонцæ, ами сæ тугъдонтæ æма танкитæн уæлмæрдтæ цæттæ ке 'й, уой, æма размæ цудæнцæ æндиудæй, æдæрсгæй.

Дуккаг бон сæумæй 11-аг корпуси гвардионтæ æма денгизонтæ исаразтонцæ тухгин нимпурст æма Предмостный исуæгъдæ кодтонцæ. Клюгенауи хъауритæй ма ци райзадæй, уони ба Терки басхустонцæ.

Раст зæгъгæй, советон æфсæддон разамонгутæн, аци операци аразгæй, ахсгиаг куд нæ адтæйдæ, знаги æфсæддонтæй æма техникæй фулдæрæй-фулдæр ниддæрæн кæнун, фал уæддæр сæйрагдæр ба адтæй, фашисттæн ами, Терки билтæбæл, сæ бæрзæй уæхæн æверхъау саст никкæнун æма си куд баруагæс адтайдæ, алкæд уонæн æфсæддон æнтæстдзийнæдти бæрæгбон ке нæ уодзæнæй, сæ уæлахезти рæстæг ке фæцæй, е. Гъе уой медæгæ адтæй Терки рагъæй Мæздæги 'хсæн будурти æма Елхотти тогуарæн тугъдтити нисанеуæг.

### «ÆНÆМÆНГÆ ÆМА ÆВÆСТЕУАТÆЙ РАЗМÆ, АЙДАГЪДÆР РАЗМÆ!..»

Капитан лейтенант Цæллагти Бетъа – денгизонти батальони командир – æ тугъдон æмбæлтти хæццæ æнхæст кодта сæрмагонд ихæслæвæрд. Изæрдалингти бацудæнцæ Предмостныйи хорнигулæн кæрони гъæдрæбунмæ. 52-аг танкити бригадæй цалдæр танки æма æ мотобатальон ба еци рæстæг тох кодтонцæ гъæуи хонсар-хорнигулæн æрдигæй гъæунгти. Еу хъаурæгин цæф ма никкæнун гъудæй, æма уæд Терки хонсарварс немуци тухæмбурдгæнæн бунат ист æрцудайдæ. Тугъдон операци хъæбæр раст угæбæл æнхæстгонд цудæй.

Еу афони Хъизлар æрдигæй надбæл æрбазиндтæй æхгæд уæзласæн хуæдтолгити къуар, цудæнцæ сабургай æма фæдфæди, æхсæнмæ-æхсæнти си адтæй рæуæг хуæдтолгитæ – «мерседестæ».

– Ке агорæн, етæ 'нцæ? – Куркович басхуста Дорохови цонг.

– Æвæдзи! Гъо, штаб ласæг колоннæ уодзæнæй, бæрæг æй æ кондæй...

– Райдайæн, мадта!

– Æнæмæнгæ æма æвæстеуатæй! – исдзурдта Дорохов.

Лейтенанти амундмæ гæсгæ æртæ тугъдони сæ губунтæбæл бабурдæнцæ нади хуæдбилæмæ. Фиццаг хуæдтолгæ æнæнгæлти æрлæудтæй æма кабинæй рахизтæй сау æндæрг бæрзонд ходи. Ракæсæ-бакæсæ ракодта, уæдта нади билæрдæмæ бацудæй, æвæдзи, æхе гъудий.

Куркович ракетæ фехста разаг машини 'рдæмæ. Е адтæй тугъд райдайæни нисан. Аллихузон тохæнгæрзтæ æмгупп кæнун райдæдтонцæ æма Терки билтæ цæхæр искалдтонцæ, уæлдæф ниррохс æй. Раззаг хуæдтолгитæ ихæлд æрцудæнцæ гранаттæй æма иннети над æрæхгæдтонцæ. Еу хуæдтолгæ ба си уотæ иссугъдæй, æма иннетæ дæр æ рохсмæ хуæздæр зиндтæнцæ. Уотемæй сæ не 'фсæддонтæ дæрæн кодтонцæ гранаттæй, æфсæддонтæй си ка бадтæй, уони ба цагътонцæ автоматтæ æма пулеметтæй... Знæгтæ исæмæнтъери 'нцæ æма кæрæдзей нæбал лæдæрдтæнцæ.

– Къуар, хъазауатонæй размæ!.. Ур-р-р-ра!..

Советон æфсæддонти æнæнгæлти балæгæрст æма æртухсти ке равзурдæнцæ, е гитлеронтæй ку баруагæс æй, фæййервæзæн син ке нæбал ес, уой

### СВИДЕТЕЛЬСТВУЕТ ИСТОРИЯ

**ЛИЧНОЕ И СЕКРЕТНОЕ ПОСЛАНИЕ ОТ ПРЕМЬЕРА СТАЛИНА ПРЕМЬЕР-МИНИСТРУ Г.ЧЕРЧИЛЛЮ**



Благодарю Вас за Ваше послание от 13 ноября…

В последние дни удалось остановить продвижение немцев под Владикавказом и стабилизировать положение. Владикавказ в наших руках и, как мне кажется, останется у нас. Принимаем все возможные меры для удержания наших позиций на Северном Кавказе.

В ближайшее время думаем начать зимнюю кампанию. Когда именно удастся начать, это зависит от погоды, которая не в нашей власти. О ходе операции буду осведомлять Вас регулярно.

*14 ноября 1942 г.*

***тугъди. Уадзæ æма 'й сæ зæрдæбæл даронцæ, кæцифæнди фронти – Ленинградаг, Калининаг, Брянскаг, Сталинградаг – ку уæн, уæддæр гъæуай кæнæн Цæгат Иристони цæргути дæр Æрæдони, Гъæдгæрони, Кирови, Чиколай, Алагири... Аллирауæн дæр...»***

## ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ ТОХИ НИФСГУНÆЙ КА БАЦÆУА, УÆЛАХЕЗОН ДÆР Е ИСУЙ!..

### ИРИСТОНИ ЗÆНХÆБÆЛ ЗНАГИ НИХМÆ ТУГЪДТИТИ ÆХСАРГИНТÆ





**Цæгат Иристонмæ æрбалæборæг немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тугъдтити рæстæг уæлдай ирдæй рабæрæг æнцæ советон балхонти алæмæти æфсæддон арæхстдзийнæдтæ. Уонæй аци æрмæги ке кой цæуй, етæ 'нцæ (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Иван РОСЛЫЙ, ЦÆЛЛАГТИ Пантелей (фулдæр æй Бета худтонцæ) æма КОЗАТИ Александр.**

ку балæдæрдтæнцæ, уæд æрсабур æнцæ. Сæ фулдæр сæ къохтæ исдардтонцæ... Дорохов бардзурд равардта е 'фсæддонтæн, æхсун бауораметæ, зæгъгæ...

Дорохов æнай-æнойти рафæндæ кодта, кæми тох кодтонцæ, уоми гъæуайгæнæг æфсæддонти къуар ниууадзун. Æ сæр багъæудзæнæй. Фал уой бакæнун æ бон нæ адтæй æнæ комбати бардзурдæй. Рафарста Цæллаги-фурти. Бетъа ин загъта:

– Тæрсгæ ма кæнетæ, фæззиндзæнæй нæмæ Козай-фурт.

Боницъæхти, æцæгæйдæр, æрбахъæрттæй хестæр лейтенант Козати Александри гвардионти гъомусгин къуар, æ хæццæ адтæй инсæй танки æма Волчанскийи дивизионæй æртæ батарейи дзармадзантæ.

Бушеви, Цæллагти Бетъай æма Козати Александри хъаурæгиндæргонд къуæрттæ се 'нтæстгин архайдæй Хъизлар-Предмостный-Терски исбастонцæ знаги иуонгтæ æма фудголæй рæстæгмæ байронх æй Грознамæ æма Орджоникидземæ Малгобеки-Терки рæгътæбæл æмпурсуни фæндæ. Хорискæсæни 'рдигæй ба знаги хъури, куд фæззæгъунцæ, ниффедар æнцæ инæлартæ Кириченко æма Селиванови хъазахъæгтæ.

Мадта, Елхотти-Æргинарæги æма Арæхъи рæгътæбæл дæр æндонреу æфсæддон хæйттæ æрахæстонцæ риндзæ æма знаги размæ нæ уагътонцæ.

### «ФИДБИЛИЗ КА ХÆССА, УОМÆН Е ФИЦЦАГИДÆР ÆХЕБÆЛ ÆРЦÆУЙ!..»

Гитлер агурдта Клейстæй нефть, уæдта Кавкази иннæ хæзнатæ тагъддæр байсун. Гитлер агурдта, цæмæй Кавкази тугъд тагъддæр рамола æма Турки паддзахадæ дæр æ фарс тугъди бацæуа Советон Цæдеси нихмæ. Гитлер æ гæндзæхтæ цагъта, Сталингради ке ниххастæй, уой фæдбæл. Фал Терк дæр устур агъаз кодта Волгæн, æма æ сæрти фудголти æрбахезун нæ уагъта.

Клейст æхе раст кодта Гитлери рази: Терк фæтæн æма арф æй, тагъд цæуй, æ билгæрæнттæ цъимара 'нцæ... Æма рæстæг фулдæр гъæуй æ сæрти бацæунæн. Мæйæ фагæ нæ адтæй Клейсти æфсæдтæн: фæцæй август, фæцæй сентябрь, кæронмæ æрхъæрттæй октябрь дæр, уæддæр Терк басæттун нæ кумдта Гитлери æрдонгтæн – ехи хузæн тадæнцæ æ билгæрæнттæбæл, сæ хъаурæ састæй, размæ нæ, фал фæстæмæ кæсунбæл фæцæнцæ.

Алкедæр æй зонуй, Терк нæй Днепрæй æма Днестрæй, Вислæй æма Донæй, уæдта æндæр берæ цæугæдæнттæй, немуц ке сæрти æрбалæгарстонцæ, уонæй устурдæр, фæтæндæр, арфдæр.

Фон Клейст, æ ихæлд танкитæмæ кæсгæй, æма е 'фсæдти, уæдта æхе тоги 'вдолгæй, агурдта нæдтæ идарддæр æмпурсунæн: никки фулдæр танкитæ æма æфсæдтæ калдта Кавказмæ, хуæдтæхгутæ æма бомбитæ, дзармадзантæ æма æндæр аллихузи тугъдон техникæ, арт æфтудта æнæгъæнæ дуйней æрдхуæрæни Кавказбæл. Фал, ци нæ кодта, уæддæр ин размæ ракъахдзæф кæнун дæр нæбал æнтæстæй.

Октябри фæстаг бæнтти Елхотти-Æргинарæги-Арæхъи рæгътæбæл дууæ къуæрей дæргъи æнæрлæугæй ка фæццудæй, еци уæззау тугъдтитæ дæр ин æ зæрдæ нецæмæй рохс кодтонцæ. Ами æдеугурæй сæ адзал иссирдтонцæ цалдæр мин фашистти, уæдта Клейсти æмбал, немуцаг инæлар Герр – танкити дивизий командир... Елхотти будуртæ байдзаг æнцæ фашистти мæрдтæй æма сæ пурхгонд техникæй.

Æртæ мæйей дæргъи еци-еу бунати «цоппай» кодтонцæ æма сæ тоги æвдулдæнцæ Клейсти æфсæдтæ. Фал уæддæр иссирдтонцæ нæ гъæуайгæнгути лæмæгъ бунат дууæ æфсадей 'хсæн Елхоттæй Плановски астæу æма ами, хъæбæр уæззау тугъдтити фæсте Дигори 'рдæмæ æрбайервазтæнцæ.

Сæдæгай танкити «æргъау» æма Руофи æфсæдти æвзаргæдæр хæйттæ æзманстонцæ Дигори будуртæ, пурхæ кодтонцæ æма сугътонцæ гъæутæ, ахæстдæнттæмæ æма лагертæмæ калдтонцæ адæми – рацæргæ нæлгоймæгти æма силгоймæгти, аллирауæнти исахид æнцæ ауиндзæнтæ æма сæбæл фашисттæ ауигътонцæ адæми хуæздæрти, коммунистти, советон хецаудзийнади бæрнон косгути, партизанти. Фæллойнæгæнæг дзиллитæ зумæги къæсæрбæл ниууагътонцæ сæ хæдзæрттæ игæнттæй, сæ мулк æвæгæсæгæй, æма, кæмæн куд амал адтæй, уотæ лигъдæнцæ æдасдæр рауæнтæмæ, гъæдæмæ, хуæнхти цъæстæмæ – сæхе æма сæ сабийти фæйййервæзун кæнуни туххæй.

Фон Клейст цийнæй мардæй. Æ цæститæбæл уадæй Владикавказ (Орджоникидзе). Æ устурдæр фæзи – немуцаг æфсæдти парад... Фон Клейстæн Гитлер аци паради бонмæ – 7 ноябрмæ – æрбарвиста хуæрзеугутæ æма фельдмаршæли цин...

### ХЕВАСТ ХАЙУАН УÆРДУНИ КОНД ДÆРÆН КÆНУЙ!..

Æхебæл æгæр ка ранвæрстæй, еци инæлар æ медгъудити цæттæ кодта, еци паради рæстæг сæрустурæй цитæ дзордзæнæй, уæхæн радзубанди: «Грознай-Малгобеки нефть цæуй Германий империмæ... Æхгæд æнцæ Арви коми æма Уæллагири коми нæдтæ æма сæ дæгъæлтæ 'нцæ немуци дзиппи... Баку дæр идард нæбал æй. Тифлис ба никки хæстæгдæр... Еу рæуигъд ма æма Кавказ æ уæрагисæртæбæл æрлæудзæнæй Гитлери рази, æ уорссæр хуæнхтæ æрковдзæнæнцæ фюрери къæхтæн...»

Фал е адтæй фун, æнгъизт сæри хъанзи сæнттæ. Кавкази нефть æма бензин æдæрсгæ цудæнцæ Советон бæсти алли къабæзтæмæ: Сталинград гъæуайгæнгутæмæ, Сау денгизи, Баренци æма Балтики тохгæнæг денгизон флоттæмæ, Ленинградмæ Цæдеси ирæзгæ авиаци æма танкити æфсæдтæмæ.

Æма Клейст æ уодæй-уод кодта фюрерæн нефть раттунбæл, феронх си 'нцæ, Мæздæгæй Елхотти 'хсæн будурти е 'фсадæй ци дууадæс мин æфсæддони æма афицерей цардвæндаг æгадæ мæлæтæй фæцæй, етæ дæр, нæбал æй æндавтонцæ, аци тугъдтити ин ци фондзсæдæ танки басугъдæй, етæ дæр.

Клейсти лæборгутæ æртæ боней дæргъи – 31 октябри, 1, 2 ноябри – байстонцæ Чикола, Дигора, Алагир, Æрæдон.

Фон Маккензен (1-аг танкон æфсади командæгæнæг) фюрерæн фегъосун кодта: «Нæ корпуси нихмæ Терки хорнигулæн билгæрæнтти знагæн ци хъауритæ адтæй, уонæн банимайæн ес исæфтбæл... Ка ма райзадæй, уони батардтан хуæнхтæмæ æма цæунцæ сæ исæфти надбæл...

Знаги иннæ пурхæнтæ Владикавказ æрдæмæ сорæн...»

Балхони еци дзубандитæ хестауæнти хузæн адтæнцæ, уæди уавæр бустæги уотæ нæ адтæй. Фал, раст зæгъгæй, нæ республики сæйраг сахар тæссаг уавæри бахаудтæй.

### «ЕУГУР МАДЗÆЛТТÆ ДÆР – УАРЗОН САХАР БАГЪÆУАЙ КÆНУНÆН!..»

Ралæудтæнцæ уæлдай зиндæр бæнттæ, Кавказ багъæуай кæнуни тугъдтити уæззаудæр рæстæг. Нарæг нæдтæбæл æрбацæугæй, немуци налатдæр тухтæ равзурдæнцæ Кавказ гъæуайгæнæг Советон Æфсади фескъилдун. Лухгонд цудæй Советон Кавкази, Советон Хонсари ирисхъæ.

Фæскавкази фронти командæгæнæг Тюленев дуккаг ноябри æ штаби оперативон къуари хæццæ Сау денгизæй истахтæй Орджоникидземæ. Фронти Цæгатаг æфсæддон къуари командæгæнæг инæлар Масленникови æрбаййафта æдзæллаг хузи, сахар ниууадзуни фæнди хæццæ.

Æрæмбурд æй Владикавкази (Орджоникизей) Гъæуайкæнуйнади Комитет. Унаффæ адтæй: сахарæн знаги къохтæмæ раттæн нæййес! Комитет æма фронти командæгæнæг штаби хæццæ исаразтонцæ еугур мадзæлттæ дæр сахар фудголтæй багъæуай кæнунæн.

Нæ сахари фæллойнæгæнгутæ, Орджоникидзей æфсæддон гарнизон æма гъæутæй æрбацæуæг колхозонтæ рагацау берæ фæккустонцæ столици алфамбулай æртæ фæлтæри гъæуайкæнуйнади федæрттæ исаразунбæл. Фæзти, гъæунги, хæдзæртти бунмæ уæрмитæ, кумæ нæ ракастайсæ, аллирауæн дæр си фæуууидтайсæ доттæ, дзоттæ, пулеметтæй, дзармадзантæй, автоматтæ æма топпитæй 'хсæн бунæттæ, æрбацæуæнти аллирауæн дæр ниффедар æнцæ танкити нихмæ арæзт «узунтæ», арф æма урух къанæуттæ, минитæй «гъæст» рауæнтæ. Синдзæ телæй горентæ... Фæхстæбæл – дзармадзанти батарейтæ...

Цубур дзурдæй, знаг æдзæттæй не 'рбаййафта сахар, кæд имæ æнæнгъæлти æрбампурста, уæддæр.

*(Уодзæнæй ма)*

## «ÆНÆМÆЛГÆ ПОЛК»



ГÆТИЙТИ Знаури фурт Астемур



ГЕРИТИ Данели фурт Петр



ГОКЪОНАТИ Андрейи фурт Харитон



ГЪУЦЪУНАТИ Давиди фурт Лазæр (1914-1988)

*Устур Фидибæстон тугъди анзфинстæй. 1944 анзи 25 апърел – тугъди 1039-аг бон. «Советон авиаци бомбитæ 'ркалдта Латвийи æфсæнвæндæгтæбæл. Исрæмугъдтитæ æма зингисервæзтитæй дæрæнгонд æрцудæнцæ знаги цалдæр эшелони æфсæддон техникæ æма цистернитæ. Севастопольмæ хæстæг советон тæхгутæ 'ргæлстонцæ содзгæй знаги 27 хуæдтæхæги. Бæстæ Гъæуайкæнуни*



ЦОКОЛАТИ Эльдар

# Æ НАМУСГИН ЦАРДВÆНДАГ – НÆ СÆРУСТУРДЗИЙНАДÆ



**БЕДОЙТИ Руслан,**
**(1947-2020),**
авиаций инæлар-майор

Хуцауæй лæвæрд авиацион æфсæддон хецау, инæлар-болкъон, тæхæг-кунæггæнæг Цоколати Эльдар Вениамини фурт. Аци ном уæлдай кадгиндæр адтæй авиацион хæйтти æма еугæндтити. Е æ дæсниади исхизтæй тæккæ уæлдæр бæрзæндæмæ, фал æ фæндитæ кæронмæ не 'сæнхæст æнцæ ССР Цæдеси æскъуæлхт тæхæг Цоколай-фуртæн.

Эльдар райгурдæй 1929 анзи 21 апърели Дагестани, сахар Буйнакски, дохтиртæ – хъумухъаг Калсын-Бек Качалаев æма ирон Цоколати Ольги хæдзари. Æ ниййергутæ базонгæ 'нцæ Мæскуй паддзахадон университети медицинон факультети ахур кæнгæй. 1927 анзи сæ цард байеу кодтонцæ æма ахури фæсте рандæнцæ Буйнакскмæ. Фидæ куста дохтир-терапевтæй, мадæ ба – сувæллæнтти поликлиники сæргълæууæгæй.

Æртинæймаг тæссаг æнзти æнамонддзийнадæ фæззиндтæй æригон биййнонтæмæ дæр: 1937 анзи нииййахæстонцæ Калсын-Бек Качалаеви æ «антисоветон» архайди тухxæй æма 'й еци анз ноябри «тройки» тæрхонмæ гæсгæ фехстонцæ. 1962 анзи ма 'й бæргæ исраст кодтонцæ...

Ольгæ æ минкъий биццеуи къохбæл рахуæстæй æма рандæй Дзæуæгигъæумæ. Ами æ цард байеу кодта дохтир Вениамин Логинови хæццæ. Е адтæй дони хъазахъæгти байзæдтаг. Вениамин Ольги биццеуæй æхецæн фурт загъта, равардта ин фиди номæн æхе ном, муггагæн ба ин байзадæй æ мади муггаг. Утемæй Калсын-Бек Качалаеви фурт Эльдарæй рауадæй Цоколати Вениамини фурт Эльдар.

Дзæуæгигъæуи фæндзæймаг астæуккаг скъолай биццеу каст фæцæй аст къласи æма æ мади æнсувæр, денгизон тæхæг-кунæггæнæг, Советон Цæдеси Бæгъатæр Цоколати Геннадийи унаффæмæ гæсгæ ахур кæнунмæ бацудæй Ростови сæрмагонд авиацион скъоламæ. (Редакцийæй... Еугæр æ хуæрифурти цардвæндаги райдайæнбæл уоййасæбæл алæмæтдзийнадæй фæббæрæг æй Геннадийи унаффæ, уæд, махмæ гæсгæ, раст уодзæнæй уомæн æхе кой ракæнун дæр. Уæлдайдæр ба нур, нæ Цитгин Уæлахези 79 анзей бæрæгбони хуæдразмæ. Æма уомæ гæсгæ абони мухур кæнæн хецæн цубур æрмæг Цоколати Геннадийи тухxæй дæр).

Ахурмæ бацæуынæн фæлварæнтæ раттуни фæсте, Эльдар 1949 анзи иссæй И.В. Сталини номбæл зундгонд Ейски æфсæддон-денгизон авиацион училищей курсант. Ахури æнзтæ тагъд рахтæнцæ. 1952 анзи Цоколати 23-анздзуд биццеу каст фæцæй училище хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ. Уæди курсанттæ адтæнцæ, реактивон хуæдтæхæг МиГ-15 æскъæрунбæл ке ахур кодтонцæ, фиццаг уæхæн рауагъдонтæ. Хъæбæр хуарз ка ахур кодта, уонæн адтæй служби бунат равзаруни барæ. Эльдар равзурста Сабурфордаг флоти авиаций службæ кæнун. Лейтенант Цоколай-фурти уайтæккидæр иснисан кодтонцæ хестæр тæхæгæй, уомæн æма тæхунмæ е 'мкурсонтæй цæттæдæр адтæй.

Æригон денгизон тæхæги гвардион кунæггæнæг полк адтæй аэродром Центральная Угловаяйи. Эльдар тахтæй МиГ-15 æма МиГ-17 хуæдтæхгутæбæл, фæстæдæр ба – МиГ-19 хуæдтæхгутæбæл. Реактивон авиаци тæхгутæй агурдта устур бæрнонддзийнадæ, æма Эльдар алкæддæр адтæй полкки хуæздæр тæхгути нимæдзи. Рæхги 'й иснисан кодтонцæ цæги командирæй. Скъолай æма училищей ку ахур кодта, уæдта служби æнзти дæр Эльдар адтæй хъæбæр хуарз гимнаст. Цæги командир уогæй радон хатт иссæй Сабурфордаг флоти чемпион гимнастикæй. Уогæ, теннисæй дæр хуарз гъазта, сауæнгæ ма сахар Львови чемпион дæр адтæй æхе карæнти 'хсæн. Арæхстæй бæхбæл бадунмæ дæр. 14-аг уæлдæфон æфсади командæгæнæг кадгин караули роти службæгæнгутæн æвдиста бæхбæл бадгæй æхсаргарди хæццæ архайуни мадзæлттæ.

1953-1954 æнзти 22-аг гвардион кунæггæнæг авиацион полкки исконди уогæй, Эльдар архайдта АЕШ-и авиаций цæфтæй Цæгат Корейи электростанцæ багъæуай кæнунбæл. Еци архайдæн ин аргъ искодтонцæ дæсгай æнзти фæсте: ССР Цæдеси æскъуæлхт æфсæддон тæхæг, авиаций инæлар-болкъон Цоколати Эльдарæн, Цæгат Корейи æ интернационалон ихæс æнхæст кæнгæй, лæгдзийнадæ æма тугъдон æхсарæдзийнадæ ке равдиста, уой тухxæй ССР Цæдеси Сæйраг Совети Президиуми 1988 анзи 28 декабри Указмæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй Грамотæ æма нисан «Тугъдон интернационалист».

1960 анзи гвардий майор Цоколай-фурт ахур кæнунмæ бацудæй Æфсæддон-уæлдæфон академимæ (1968 анзæй фæстæмæ – Ю.А. Гагарини номбæл). 1964 анзи академи каст ку фæцæй, уæд дæлболкъон Цоколати Эльдари иснисан кодтонцæ 737-аг кунæггæнæг авиацион полкки командирæй. Полк æрæнцадæй Сари-Шагани (Балхаши цадæмæ хæстæг сахар Приозерски). Еци полкки службæ кодта ирон тæхæг Гъæргинти Мурат дæр, ССР Цæдеси федæни æскъуæлхт æфсæддон тæхæг адтæй эскадрилий командир. Полкки размæ лæудтæй бæрнон ихæс – ракетити нихмæ тохи сосæг полигон гъæуай кæнун.

Уæдмæ Æфсæддон-уæлдæфон академий командæкæнуйнадæ æргъуди кодта æ рауагъдонти хуæздæртæй еуей æма 1966 анзи ракурдта Æфсæддон-уæлдæфон тухти сæйраг командæгæнæгæй, цæмæй дæлболкъон Цоколай-фурт æрвист æрцудайдæ адъюнктурæмæ. Анзи фæсте – нæуæг бунат, иснисан æй кодтонцæ аэродром Шармелеки фæндзæймаг кунæггæнæг авиацион полкки командирæй.

Зундгонд куд æй, утемæй 1967 анзи цудæй тугъд арабти æма израилæгти 'хсæн. Эльдари фæндадтæй Хæстæг Искæсæнмæ рандæун, цалдæр рапорти дæр балæвардта, фал æй Æфсæддон-уæлдæфон тухти сæйраг командæкæнуйнадæ нæ рауагъта, фал Египетæн агъаз кæнунмæ рарвиста тæхгути æма инженерон-техникон службæгæнгути. Фиццаг хатт ку фарста тæхгути, барвæндонæй ке фæндуй Египетмæ, зæгъгæ, уæд еугурæйдæр нигъъос æнцæ. Уæдмæ размæ рахизтæй эскадрилити командиртæй еу æма загъта: «Эскадрилий командир майор Æгъузари-фурт паддзахадон ихæслæвæрд æнхæст кæнунмæ цæттæ æй». Эльдар арфиагæй бакастæй е 'мзæнхонмæ, академий еу рæстæги ке хæццæ ахур кодта, уомæ, уæдта бабæй сæ карнæ нæуæгæй ами фембæлун кодта. Тæхгути еу къар фæттахтæй Египетмæ. Еци къуари адтæй майор Æгъузарти Виктор дæр. Устур аргъ кодта дивизий командир уомæн – æфсæддон тæхæг-снайперæн, тугъдон интернационалистæн. Виктор æфсадæй рацудæй болкъони цини, адтæй авиацион полкки командир.

Аци рæнгъити автор еци æнзти службæ кодта æфсæдти Цæгатаг къуари, Польши. 1967 анзи июли тугъдон ахурти рæстæг 159-аг гвардион кунæггæнæг полк фæттахтæй Венгримæ Кишкунлацхази аэродроммæ. Уоми адтæй Цоколати Эльдари дивизий полктæй еу. – Ейски ке хæццæ ахур кодтон, уонæй базудтон, дивизий командир ме 'мзæнхон ке æй, уой. Еу сæумæ раги вертолети гъæуама фæттахтайанæ сахар Дебреценмæ, уордигæй полкки фæттæхтитæн разамунд дæттуни тухxæй. Командон-диспетчерон пункти рази лæудтæнцæ цалдæр хестæр афицери. Еу болкъон си, æ аййев гурикондæма ходи æрсагъдæй бæрæг дардта иннетæй. Е адтæй Цоколати Эльдар. Уæд æй фæууидтон фиццаг хатт.

1971 анзи дивизий командир Цоколай-фуртæн равардтонцæ радон æфсæддон цин инæлар-майор. Æ идарддæри служби еуæндæс анзи баст адтæнцæ Прикарпатьей æфсæддон зилди хæццæ, Львови хæццæ. 1972 анзи – 14-аг Уæлдæфон æфсади командæгæнæги хуæдæййевæг, 1974 анзи – фиццаг хуæдæййевæг, 1976 анзи ба – командæгæнæг. Еци анз 13 августи Сæйраг Совети Президиуми Указмæ гæсгæ Цоколати Эльдарæн лæвæрд æрцудæй кадгин ном «ССР Цæдеси æскъуæлхт æфсæддон тæхæг». Авд анзи командæ кодта 14-аг Уæлдæфон æфсадæн Эльдар. Бæсти Уæлдæфон тухти уомæй хуæздæр æфсад некæмæн адтæй. Æ хуæдтæхгутæ Карпатти хуæнхти уотæ арæхстгинæй тахтæнцæ, æма сæ еунæг локатор дæр нæ ахæста! Æфсæддон-уæлдæфон тухти Главки, цæмæдæр гæсгæ, уобæл фæггурусхæ 'нцæ. Командæгæнæг дæсни специалистти рарветун кодта, цæмæй гъуддагæй бауæндонцæ тæхгути æнтæститæбæл. Главки æрвист инæлартæ десгæнгæй раздахтæнцæ Мæскумæ.

Прикарпатьей æфсæддон зилди хæццæ 1980 анзи радон фæлварæн лæвардта 14-аг Уæлдæфон æфсад дæр январи-феврали. Фæлварæн иста ССР Цæдеси Гъæуайкæнуйнади Сæйраг инспекци, æ сæргъи Советон Цæдеси Маршæл К.С. Москаленко. 14-аг Уæлдæфон æфсад кадæй исæнхæст кодта æ размæ æвæрд ихæстæ. Авиацион æфсæддон хæйттæ æма еугæндтæ райстонцæ хуарз бæрæггæнæнтæ. Къамис æфсæддон зилди куста еу мæйи дæргъи. 92-аг кунæггæнæг авиацион полк ба райста хъæбæр хуарз бæрæггæнæн. Еци полкки штаби хецау уæд адтæй аци рæнгъити автор.



**Советон Цæдеси 14-аг Уæлдæфон æфсади командæгæнæг, инæлар-лейтенант Цоколати Эльдар (рахесæрдигæй) æма Чехословакий Социалистон Республики Уæлдæфон тухти Сæйраг командæгæнæг Й.Ремерк еумæйаг æфсæддон мадзали рæстæг Цоколай-фурти фæсте (рахесæрдигæй) лæууй 92-аг авиацион полкки штаби хецау, майор Бедойти Руслан – аци уаци автор.**

1983 анзи авиаций инæлар-лейтенант Цоколати Эльдари иснисан кодтонцæ ССР Цæдеси Æфсæддон-уæлдæфон тухти тæккæ уæлдæр бунæттæй еуеми – Æфсæддон-уæлдæфон тухти командæгæнæгæй – Идард Скæсæни æфсæдти Сæйраг командæгæнæги хуæдæййевæгæй. Багъудæй æй Улан-Удэмæ рандæун æма 'й æгæрон «хæдзаради хæццæ» зонгæ кæнун: Уралæй Камчаткæмæ агъазиау

**Не 'мзæнхон, ССР Цæдеси æскъуæлхт тæхæг, авиаций инæлар-лейтенант Скорняков Георгий Павели фурти райгурдбæл 1 майи æнхæст кæнуй финддæс æма цуппаринсæй анзи (1929-2002).**

*паддзахадон комитет рахаста Донбассмæ косунмæ 36300 адæймаги рарвету-ни унаффæ. Сæ 70 проценти гъæуама уонцæ, зæнхи буни косун ка бафæраздзæнæй, уæхæн нæлгоймæгтæ. Гъæуайкæнуни паддзахадон комитет равардта Донбасси æвзалуй промышленности косгутæн сæ бийнонтæ ракæнуни барæ, байхæс кодта хæдзарадон хæрзтæн син фæйнæ 2,5-5 мин соми бафедун...»*



территорибæл æрбунæттон æй гъомусгин авиацион къуар, адтæй си стратегион нисанеуæги дууæ Уæлдæфон Æфсади, æртæ Уæлдæфон Æфсади – фронтон нисанеуæги, Сабурфордаг флоти авиаци, уæлдæфгъæуайгæнæг 11-аг æфсади авиаци, уæдта Манголий Æфсæддон-уæлдæфон тухтæ. Хуарз исфедудтайдæ Эльдарбæл, уруссагау «авиаций маршæл» ке хонунцæ, е. Авиаций инæлар-болкъон Цоколати Э.В. адтæй бæсти Æфсæддон-уæлдæфон тухти Сæйраг командæгæнæги – ССР Цæдеси гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæги бунатмæ сæйраг кандидаттæй еу. Дууинсæй анзей дæргъи служби алкæддæр адтæй хъæппæресгун, лæдæргæ, перспективон афицербæл нимад. Адтæй хъæбæр хуарз тæхæг æма фæлтæрдгин æфсæддон хецау, уиндгун адæймаг.

Царди æма архайди аллихузон къабæзти æ зонундзийнæдтæ дессаг адтæнцæ. Æфсæддон хæйтти зундгонд адтæй Эльдари базургин загъд: «Афицер гъæуама хецæн кæна Гоголи Гегелæй, Бабели ба – Бебелæй». Командæгæнæг æ дзурдихатт некæд фæббæрзонддæр кодта, æ дзубандий алкæддæр адтæй уæзæ. Агоргæ куд кодта æ дæлбартæй, уотæ сæбæл кодта ауодгæ дæр. Инæлар Цоколай-фурт еугур бæрзонд бунætти дæр æнæнгъæлæги цаути рæстæг некæд тарстæй æхемæ бæрнондзийнадæ райсунæй.

Гъулæггагæн, авиаций инæлар-болкъон Цоколати Эльдари хъаурæ æма арæхстдзийнадæй кæронмæ пайдагонд не 'рцудæй.

Еуæй-еу бæрзондибадæг æфсæддон хецæуттæ ин испайда кодтонцæ æ уодигъæди рæстдзийнадæ æма кæдзосдзийнадæй æма 'й фæффудгин кодтонцæ, æгириддæр уомæ ка нæ хаудтæй, уæхæн цауи.

Æма æнæ хай фæцæй Æфсæддон Уæлдæфон тухти Сæйраг командæгæнæги бунатæй дæр æма авиаций маршæли номæй дæр.

1988 анзи Эльдари иснисан кодтонцæ Жуковскийи номбæл Æфсæддон-уæлдæфон инженерон академий хецауи хуæдæййевæгæй. 1990 анзи запаси рацæуни фæсте сауæнгæ 2006 анзи августмæ адтæй социалон гъæуайкæнуйнадон фонд «Ветеран»-и президент.

Цоколати Эльдар адтæй Устур Британий Æфсæддон-уæлдæфон тухти Къароладон клуби кадгин иуонг, Китайи наукити академий æма Æфсæддон-уæлдæфон тухти кадгин профессор. Сурх Турусай орден, «ССР Цæдеси Гæрзефтонг тухти Райгурæн бæстæн службæ кæнуни туххæй» æртиккаг къæпхæни орден, инсæй майдани, къуар фæсарæйнаг бæстити ордентæ æма майдантæ дзорæг æнцæ æ лæгдзийнадæбæл, æ арæхстдзийнадæбæл, æ хуарз службæбæл, Фидибæстæмæ уарзондзийнадæбæл æма еузæрдиуондзийнадæбæл.

Æноси æмбес Эльдари хæццæ æфсæддон служби зин надбæл æмдзо кодта æ цардæмбал Церекати Фатимæ. Е 1952 анзи каст фæцæй Хуæнхон гъæуунхæдзарадон институт, 1967 анзи ба – Мæскуй Тимирязеви номбæл гъæуунхæдзарадон академи. Иссæй биологон наукити кандидати ном, доцент. Ахургонди къæпхæн райста Эльдар æма Фатими биццеу Барисмæ дæр. Е Будапешти университети æрдзонnаукон факультети æртæ къурси каст фæуuни фæсте идарддæр ахур кодта Львови университети. Барис æма æ цардæмбал Ингæ сæ ниййергутæн балæвар кодтонцæ бæдоли бæдæлттæ Фатимæ æма Эльдари. Кæстæр Эльдари кизгæ Ольгæ райстæ медицинон наукити кандидат, æхгæд акционерон æхсæнадæ «Мед-Экспо»-й – медицинон равдистити разамонæг. Æ цардæмбал адтæй медицинон наукити доктор Саламти Хъаурбег. Исæнтæстæй син дууæ фурти Эльдар æма Таймураз. Дууемæй дæр райстонцæ уæлдæр ахургонддзийнадæ. Эльдар каст фæцæй юридикон академи, Таймураз ба медицинон институт.

Еске бафæрсдзæнæй, гъома, рæнгъити автор Цоколати инæлари бийнонти хабæрттæ цæмæй зонуй. Гъуддаг уой медæгæ 'й, æма Эльдари хæццæ кæрæдзей хуарз зудтан, уомæн æма къуар анзи службæ кодтон æ дæлбарæ æфсæддон авиацион хæйтти æма еугæндтити.

Инæлар-болкъон Цоколати Эльдари кæстæртæй æма уони кæстæртæй дæр арви цъæхи æфсæн цæргæсбæл, кæсалги хузæн, накæ кæнуни над неке равзурста. Фал инæлари уæддæр нифс адтæй кæстæр Эльдарæй æма федар гъæлæси уагæй зæгъидæ: «Цоколати кæстæр Эльдарбæл авд анземæй æндæр нæма цæуй, рæстæг ма ин ес!..»

... Цоколати Эльдари намусгин цардвæндаг, гъулæггагæн, æгæр рацубуртæ æй – 2006 анзи августи рахецæн æй æ уæлзæнхон цардæй. Е 'носон бунат иссæй Мæскуй Троекурови уæлмæрдтæ. Ардæмæ æ цирти размæ ахид æрбацæунцæ хеуæнттæ, Мæскуй цæрæг не 'мзæнхонтæ, Иристонæй Мæскумæ ниццæуæг адæмæй беретæ... Æ рохс ном ин исцитгин кæнунцæ...

Иристон номдзуд балхонтæй цох нæй, нæй инæлартæ гъæуагæ дæр. Фал нæмæ инæлар-болкъонтæ æдеугурæй цалдæремæй æндæр нæ 'нцæ. Уонæн сæ фиццæгтæй еу – ирон лæги кадæ æма намус бæрзонд ка исиста æма 'й табуйаг турусай хузæн кæдзосæй ка хаста, ирон æма хъумухъаг адæмтæ сæрустур кæмæй æнцæ, сæ еци еумæйаг хъæболæ, Советон Цæдесбæл æма Уæрæсебæл еузæрдиуон фурт Цоколати Эльдар. Æ цард, æ берæ хъазауатон гъуддæгутæй фæнзуйнаг æй æма уодзæнæй нæ адæми абони æма исонибони фæлтæртæн.




**ЦОКОЛАТИ Эльдари цирт Мæскуй Троекурови уæлмæрдти.**

# ИМИСУЙНАГ НИН ÆЙ ФÆЛТÆРÆЙ-ФÆЛТÆРМÆ



Цоколати Дзантемури фурт Геннадий райгурдæй сахар Томски 1916 анзи 24 июли æфсæнвæндаги косæги хæдзари. Æ фидæ Дзантемур (олгинскаг) рамардæй, биццеубæл дууæ анзи ку цудæй, уæд. Геннадийи гъомбæл кодта æ нана Татунмæ Олгинскийи. Хумæтæг хуæдæфсармæ, зундгин силгоймаг æ фурти бæдоли ахур кодта нæ фидтæлтиккон æгъдæуттæ æма фæткитæ зонунбæл æма сæ федауцæй æнхæст кæнунбæл: рæстзæрдæ унбæл, фидиуæзæг æма Фидибæстæбæл æновуд унбæл, уарзун ин кодта фæллойнæ.

Геннадий ахур кодта Олгинскийи скъолай, уой фæсте каст фæцæй ФЗО æма рабфак Мæскуй, бæлдтæй æфсæддон дæсниадæ райсунмæ. Æма 1938 анзи каст фæцæй Ейски денгизон тæхгути скъола, рарвистонцæ 'й Балтий флотмæ.

Лейтенант Цоколай-фурт 1939 анзи архайдта уорсфиннæгти нихмæ тугъди. Лæгдзийнадæ æма æхсарæ си ке равдистонцæ, уой туххæй ин лæвæрд æрцудæй Сурх Стъалуй орден.

Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд не 'мзæнхон адтæй Сурхтурусагин Балтийаг флоти Æфсæддон-Уæлдæфон Тухти 61-аг авиацион бригади 4-аг гвардион кунæггæнæг авиацион полкки эскадрилий командир. Æма тугъди тæккæ фиццаг бæнтти тох кæнун райдæдта знаги авиаторти нихмæ. Æ эскадрили ба адтæй интернационалон – балхъайраг Алим Байсултанов, уруссаг Анатолий Кузнецов, украинаг Петр Гринько... Кæрæдзей лæдæргæй æма кæрæдземæн æнсувæреуæг кæнгæй, уодуæлдайæй архайдтонцæ сæ тугъдон ихæстæ æнхæст кæнунбæл. Аллибон дæр сæ багъæуидæ фондз-æхсæз хатти ратæхун тугъдон бардзурдтæ æнхæст кæнунмæ. Сæ еугур разагъди æскъуæлхтдзийнæдти туххæй радзорунæн нин нæ абониккон радзубандий равгæ нæййес, фал си кæцидæрти кой ба уæддæр ракæнæн.

Цæветтонгæ, 1942 анзи 14 мартъий Цоколай-фурт æма æ эскадрилий тæхгутæ æхсæземæй сæ хуæдтæхгутæбæл (И-16), 54-аг æфсади æфсæддон хæйттæ уæлдæфæй гъæуай кæнгæй, æрæстæфтæнцæ, уордæмæ хонсарæрдигæй куд æрбахæстæг æнцæ знаги финддæс хуæдтæхæги «Юнкерс-87». Цоколай-фурт æ къуар исаразта комкоммæ уони 'рдæмæ, æхсун сæ райдæдтонцæ. Советон тæхгути уæхæн æндиуд архайд знагæн уоййасæбæл æнæнгъæлти адтæй, æма фæккуддæр æнцæ, сæ бомбитæ кæмидæрти æркалдтонцæ. Фæййервæзунбæл архайгæй, райаразтонцæ дууæ гъæуайгæнæн рæнгъи. Цоколай-фурт æ къуар фæддугæйттæ кодта æма уотемæй знаги нихмæ сæхе раскъардтонцæ. Е ледзæги фæцæй, цуппар хуæдтæхæги си фæгъгъудæй, уотемæй.

Дууæ боней фæсте хестæр лейтенант Цоколай-фурт æ къуари хæццæ тахтæй не 'фсæдти уæлзæнхон хæйттæ гъæуай кæнунмæ станцæ Погостье-Жарони рауæни. Æма уотемæй исæмбалдæнцæ аст «Мессершмиттебæл». Байеудагъ син æй карз тох. Махонтæ знаги хуæдтæхгутæй æртæ æргæлстонцæ. Уæдта командир рауидта: финддæс «Юнкерс»-и гъавунцæ не 'фсæдтæ дæрæн кæнунмæ. Æма æ къуар «Мессер»-ти хæццæ тохгæй, фондз хуæдтæхæгемæй истох кодта знаги финддæс «Юнкерс»-и нихмæ. Æхсæзей си æргæлстонцæ. Фал уæдмæ бабæй фæззиндтæй знаги хуæдтæхгути агъазиау къуар – æртиндæс «Юнкерс»-и. Махуæнттæмæ ба тохæн фæрæзнитæ дæр нæбал адтæй, сæ артаг дæр фæуунтæбæл адтæй. Ци киндæ уа? Расагъæстæ-басагъæстæн рæстæг нæ адтæй, æма советон тæхгутæ знагбæл уæддæр сæхе ниццавтонцæ, фæттæрсдзæнæй, зæгъгæ, уобæл сæ зæрдæ дардтонцæ. Æма æцæгæйдæр уотæ рауадæй – немуцаг тæхгутæ фæлледзæги 'нцæ.

Еци бæнтти Геннадийи туххæй фæззиндтæй сæрмагонд листовкæ «Гордость Балтики». Æцæгæйдæр, нæ намусгин æмзæнхон адтæй Балтий флоти æма Ленингради фронти сæрустурдзийнадæ. Æ агъазиау тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй хестæр лейтенант Цоколай-фуртæн 1942 анзи 5 июни лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном.

Цоколати Геннадийæн 1944 анзи фæцæй равгæ æ райгурæн Иристонмæ иссæуæн. Дзæуæгигъæуи дæр æма æ райгурæн гъæу Олгинскийи, уæдта ма Мæздæги ин исаразтонцæ фæллойнæгæнгути хæццæ фембæлдтитæ. Мæздæги района колхозонтæ дууæ дæрæнгæнæг хуæдтæхæгей аргъ æхцай фæрæзнитæ æрæмбурд кодтонцæ æма сæ равардтонцæ дууæ тугъдон æмбали, Советон Цæдеси Бæгъатæртæ, майортæ Цоколати Геннадий æма Михаил Клименкомæ.

Цоколати Геннадий Устур Фидибæстон тугъди æнзти тугъдон бардзурдтæ æнхæст кæнуни туххæй уæлдæфмæ æ хуæдтæхæгбæл истахтæй 510 хатти, æргæлста знаги æртæ æма инсæй хуæдтæхæги.

Æ тугъдон æскъуæлхтдзийнæдти туххæй Цоколати Геннадийи исхуарзæнхгин кодтонцæ Ленини æма Сурх Турусай дугай ордентæй, Сурх Стъалуй орденæй, берæ майдантæй.

Майор Цоколай-фурти 1944 анзи рарвистонцæ Æфсæддон-Денгизон академий Уæлдæр афицерон къурситæмæ ахур кæнунмæ. Уой фæсте идарддæр службæ кодта Æфсæддон-Уæлдæфон Тухти, æ тугъдон фæлтæрддзийнадæй хайгин кодта æригон тæхгути. Фал ибæл фæстагмæ æ цæфтæ, тугъди ци зиндзийнæдтæ фæууидта, етæ тæфсун райдæдтонцæ æма 'й 1958 анзи багъудæй æфсадæй рацæун.

Запаси дæлболкъон æрцардæй Кисловодски, цардæй Мæскуй дæр, фæстагмæ ба – Дзæуæгъæуи. Куста адæмон хæдзаради, æновудæй архайдта ветеранти кусти, фæсевæди æфсæддон-патриотон æма интернационалон гъомбæлади. Геннадийи некæд иронх кодта æ райгурæн гъæу, Рахесфарси района хæццæ дардта æнгом бастдзийнадæ.

Гъулæггагæн, 1976 анзи 13 июли æрцудæй æверхъау бæлах – Цоколати Геннадий фæммард æй автомобилон-транспортон фидбилизи. Республики тæккæ цитгиндæр бунæттæй еу – Ирон аргъауæни тургъæ – иссæй е 'носон бунат. Абони Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еу хæссуй Цоколати Геннадийи ном.

***(Æрмæг ист æй редакций архивæй.)***

**Устур Фидибæстон тугъди архайæг, Цæгат Иристони адæмон ахуради æскъуæлхт косæг, УСФСР-и адæмон рохсади отличник Цъебойти-Гæмати Надеждæ Басиати кизги райгурдбæл 1 майи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1924-2013).**

***ГÆЗДÆНТИ Гайтой номбæл фæсевæдон республикон библиотеки адтæй æдзард искурдиадæгин поэт, Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг Уртати Владислави номерæн изæр æма е 'мдзæвгити киунугæ «Арфа над затмением»-и презентаци. Номерæн мадзали архайдтонцæ æ хеуæнттæ, хæстæгутæ, зонгитæ, исфæлдистадон æма зонадон интеллигенций минæвæрттæ, студенттæ, скъоладзаутæ æма киунугæкæсгутæ.***

## ДÆХУÆДÆГ ДÆХЕ КУ УАЙ, УÆД ДÆ ЦАРД ДÆР ДÆХЕ



# ЕСКЕ ХУАРЗ БАФÆНЗÆ ÆМА ДИН ХУÆРЗÆН ИСБÆЗДЗÆНÆЙ…

Соцъа æма хицæ… Аци дууæ менеуæгемæй уæддæр еуемæй ба хайгин фæууй алли адæймаг дæр. Сæ дууемæн ба еу адæймагмæ еумæ уæн нæййес. Уомæн æма хицæ фæккæнуй рæстзæрдæй гъудигæнæг адæймаг – ескæмæ ести хуарз менеуæг фæууингæй æй, еуемæй е ин æхцæуæн фæууй, иннемæй ба 'й бафæндуй хуарзæй бафæнзун.

Соцъагæнагæ ба, иннетæмæ хуарздзийнадæй дæр æма хиццаг менеугутæй дæр цидæртæ ес, уæхæнттæй æнæхай ке 'й, уой исраст кæнуни бæсти имæ тингун кæнун байдайуй, бæллуй, цæмæй си е дæр фенæхай уа.

Æма дæумæ ба циуавæр зæрдирахаст ес, уой исбæлвурд кæнуни туххæй дин, ка 'й зонуй, фæййагъаз уодзæнæнцæ мæнæ аци фарстатæ.

**1.** Сувæллон угæй, синхонти кæстæрти гъазæнтæй дæ зæрдæмæ ка фæццæуидæ, уони син ахид байсисæ?

**2.** Дæхе æнамонд, фагæ аргъ кæмæн нæ кæнунцæ, уæхæн адæймагбæл нимайис?

**3.** Цардæмбалæн ке равзурстай, уой иннети бийнойнæгти хæццæ ахид фæббарис?

**4.** Де 'мбæлттæй ка цæйбæрцæ мизд есуй, е дæ деси æфтауй?

**5.** Еске хуарздзийнадæ æма æнтæстбæл бацийнæ кæнун дæ бон æй?

**6.** Куд дæмæ кæсуй, ести пайдайаг бунат æнæ еске агъазæй байахæссæн ес?

**7.** Иуазæгуати угæй, ескæбæл аййевдæр уæледарæс ку æрæстæфис, уæд дин зин фæууй?

**8.** Фæсарæнти кенæ дæ æндæр сахарти цæрун фæффæндуй?

**9.** Дæхемæ гæсгæ, цард дæр æма дæ алфамбулай адæм дæр фагæ аргъ нæ кæнунцæ?

**10.** Аци царди еугур гъуддæгутæ дæр æхцайæй аразгæ 'нцæ æви нæ?

**11.** Иннети æнтæстдзийнæдтæн аккаг аргъ кæнунгъон дæ?

**12.** Еске зинбæл ескæд бацийнæ кодтай?

**13.** Дæ хеуонтæбæл ескæд билæскъелæй ниххуфис?

**14.** Зундгонд адæми ескæд фæффауис?

**15.** Хицæ дæмæ кæнæн, зæгъгæ, дин ку фæдздзорунцæ, уæд уæхæн дзубандитæбæл не 'ууæндис, комкоммæ цæстмæмиутæ дæмæ кæсунцæ?

**16.** Дæ зонгитæ сæ нæуæг хуæдтолгитæй кенæ гъæздугдзийнæдтæй сæхе ку фестаунцæ дæ рази, уæд сæмæ мæстгун фæккæнис?

**ХАТДЗÆГТÆ**

Аразий хузи ци фарстатæбæл ратдзæнæ дзуапп, уомæн дæхуæдæг дугай баллтæ æвæрæ, уой фæсте ба син сæ еумæйаг бæрцæмæ гæсгæ хатдзæгтæ искæнæ.

**0-6 баллей уæнгæ.** Соцъадзийнадæ дæмæ нæ хъæртуй, уомæн æма дæхуæдæг неци гъæуагæ дæ, дæ зæрдæ дæхебæл дарис. Æхцæуæн дин фæуунцæ иннети æнтæститæ, уайтæккæ дæхецæн райерис æмбæлттæ æма, æвæдзи, амондгун дæ.

**8-18 баллей уæнгæ.** Хъæртуй дæмæ соцъанез, кæд ибæл сæтгæ нæ кæнис, уæддæр. Кæмæндæрти се 'нтæститæмæ гæсгæ мæстгун нæ фæккæнис, фал дин æхцæуæндзийнадæ дæр нæ хæссунцæ. Ахур кæнæ еске æнтæститæй дæ царди пайда кæнунбæл.

**20-30 баллей уæнгæ.** Æгæр соцъазæрдæ ке дæ, е бæрæг æй. Дæ алфамбулай ка фæууй, етæ дин лæдæрунцæ дæ зæрдихатт æма син унгæг фæууй дæ рази ун, тæрсунцæ, ку дæ фехсилкъæ кæна сæ дзубанди, уомæй. Соцъа сæмæ мабал кæнæ, фал дæхе ахур кæнæ кæдзосуодæй цæрунбæл. Дæ нури зæрдиуагæ дин де 'нæнездзийнадæ дæр гъигæ даруй, дæ царди размæцуд дæр дин хъор кæнуй.

## ИНТЕРЕСНЫЕ ФАКТЫ

### ЭКСПЕРИМЕНТ ПО ПРОДЛЕНИЮ ЖИЗНИ ДО 120 ЛЕТ

Ученые из Тюмени ищут добровольцев для эксперимента по продлению жизни до 120 лет. Сообщество медиков и ученых «Волонтеры долголетия» готовит исследование о продолжительности жизни. Исследователям понадобится около 300 волонтеров-помощников и еще 1000 добровольцев-испытателей из разных городов Тюменской области.

### ПРОСТЫЕ СЕКРЕТЫ ДОЛГОЙ ЖИЗНИ

Столетняя жительница американского города Чикаго, штат Иллинойс, раскрыла секреты долголетия. Мэделин Палдо, недавно вышедшая на пенсию, считает, что прожила долгую жизнь прежде всего благодаря работе. Трудовая деятельность женщины началась в восемнадцать лет в семейной фирме. Она работала в офисе и очень дорожила общением с клиентами. «Мне нравилось работать. А вот выход на пенсию не очень понравился», – говорит она.



### СОБАКИ СМОТРЯТ ТЕЛЕВИЗОР

Ученые провели исследование, чтобы выяснить, какой контент по телевизору больше привлекает внимание собак. Для этого они провели опрос среди более 1200 владельцев животных. Выяснилось, что большинство собак при просмотре видео вели себя активно, приближались к экрану и лаяли. Чаще всего их привлекал контент с другими животными, в особенности с другими собаками. Сильнее всего интерес проявляли представители пастушьих и спортивных пород.

### РЫБЫ ТОЖЕ ЗЛЯТСЯ

Биологи обнаружили, что самцы рыб Orizias celebensis обитающих в Индонезии, способны менять цвет тела. Они покрываются черными пятнами во время конфликтов с сородичами. Ученые провели ряд экспериментов, поместив несколько рыб в аквариумы. Самцы атаковали друг друга, при этом рыбы с черными пятнами вели себя более агрессивно, чем остальные. Исследователи считают, что темные отметины проявляются как сигнал о высокой физической подготовке и боевых способностях. Этот опрос может отпугивать конкурентов от доминирующего самца.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



**Фарстатæн се 'мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундгиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй:**

**1. Сугъзæрийнæ Ордай хантæн сæ дæлбарæ къниæзтæ æма дини гъуддæгути бæрзондибадгутæ куддæр бафедиуонцæ сæ æнæмæнгæ феддуйнаг фæдгæ, уотæ син етæ ба раттиуонцæ сæрмагонд гæгъæди «сæрбæлхуæцуйнади туххæй». Куд хундтæй еци гæгъæди?**

**а)** Лицензи. **б)** Ваучер. **в)** Ярлык.

**2. Паддзахадæ Кений цæрæг африкаг адæмихæттитæй еуей (ватеита) силгоймæгтæ еци-еу искæндæй сæхебæл искæнунцæ фондзсæдей уæнгæ фæрдгутæ. Фæлундунцæ си айдагъдæр сæ хъауритæ нæ, фал ма усхъитæ сæ бауæри астæути хæццæ. Сумахмæ гæсгæ, еци фæлундæнти уæзæ цал килограмми ласдзæнæй?**

**а)** Финддæс. **б)** Инсæй. **в)** Фондз æма инсæй.

**3. «Соми кæнун, мæ нихмæ секкаг хузи æвдесæн ка исуа, уæхæнæй нæдæр цъухи дзурдæй, нæдæр финсти хузи ке нæ дзордзæнæн æма нæ финсдзæнæн. Уомæй æз мæхемæ райстон ихæслæвæрд хецаудзийнади размæ æма мæ размæ æвæрд гæгъæди мæ къох исисти туххæй актбæл кæрæй-кæронмæ дæр арази ке дæн, уой туххæй æй бафинстон мæхе къохæй. Рими моладзандонæ Минерви абони 1633 анзи 22 июни». Ауæхæн фæсмони гæгъæди ка бафинста?**

**а)** Джордано Бруно. **б)** Николай Коперник. **в)** Галилео Галилей.

**4. Япойнаг ботаниктæ рауагътонцæ æмхузæнфарсон цуппæрдегъон (куби хузæн) рæзæ. Сæ гъудимæ гæсгæ, уотемæй дарунмæ дæр, раласæбаласæ кæнунмæ дæр æма ма æндæр цæмæйдæртæй пайдадæр æй. Раст зæгъгæй, Уæрæсемæ дæр æрбафтуйгæй уоййасæбæл æлхæд нæ цудæй. Бакастæй бæргæ цæмæдесаг адтæй, фал æгæр æнæбунати хъазар адтæй. Куд хундтæй еци рæзæ?**

**а)** Галлискъæф. **б)** Харбуз. **в)** Фæткъу.

**5. Хонсар Америкæ ка 'й, еци архипелаг кæд æма Зинггун Зæнхæ хуннуй, уæддæр си еунæг вулкан дæр нæййес. Уæхæн географион ном ба ин уомæ гæсгæ лæвæрд æрцудæй, æма кæддæр æ рæзти æ науæбæл ка ранакæ кодта, еци зундгонд денгизон бæлццон уоми билгæрæнттæбæл фæууидта хъæбæр берæ æртитæ. Ка адтæй еци бæлццон?**

**а)** Колумб. **б)** Магеллан. **в)** Лаперез.

* * *

**Нур ба – раст дзуæппитæ нæ газети 14-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

**1.** Турист. **2.** Разгильдяйтæ. **3.** Росинант. **4.** Гъуæрттун хæпсæ. **5.** Бор. **6.** Милан.

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг. Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00. **E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru. **Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.** Рафинсуни индекс: **73946.** Тираж **650**. Заказ **№ 886**. Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 26.04.2023. Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 26.04.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**